



UNHCR
L'Agence des Nations
Unies pour les réfugiés

SISTÈM AZIL LA NAN PEYI KANADA

ETAP 1 - N'AP

EGZAMINEN SI NOU
KAPAB RESEVWA
DEMANN AZIL OU A.

Eske'w deja Kanada?



Ou kapab mande azil nan
youn nan biwo imigrasyon,
refijye ak sitwayennte
Kanada (IRCC) pandan wap
ranpli fòmilè yo egzije pou sa.

Eske'w rive Kanada nan avyon,
bato, osinon nan yon pòs ofisyèl
sou fwontyè a?



Ou kapab mande azil nan
rantrè a bò kote Ajans Sèvis
Fwontalye Kanada (ASFC).

Eske'w nan peyi Etazini? Eske'w
anvizaje travèse fwontyè
Kanada a nan fason ilegal (ant
pòs ofisyèl ki sou fwontyè a)?



Lapolis ap arete'w epi poze'w
kesyon konsènan lefèt ou
rantrè. Ou gen dwa mande azil
epi y'ap transfere'w baya jan
Ajans Sèvis Fwontalye Kanada
(ASFC).

Otorite yo ap gen pou fè yon kontwòl sekirite, y'ap verifeye
idantite'w e poze'w kesyon pou konnen si demann azil ou a
kapab al jwenn Komisyon Imigrasyon ak Eitati Refijye yo
(CISR), ki se tribinal ki la pou pran desizyon konsènan
demann estati refijye.

ETAP 2 - N'AP

EGZAMINEN SOU KI
BAZ KRENTIF
PÈSEKISYON OU A
CHITA E SI'W KAPAB
JWENN AZIL

Demann ou a al
jwenn CISR.



Yo rekonèt ou
kòm refijye.



Yo pa rekonèt ou kòm
refijye.

Demann ou a pa kapab al jwenn CISR*. Men
ou kapab depoze yon demann pou yo
egzamine risk ki kapab genyen si yo voye'w
tounen (ERAR), se avèk Imigrasyon, Refijye
ak Sitwayennte Kanada (IRCC) sa kapab fèt.



Yo rekonèt ou kòm
refijye.



Yo pa rekonèt ou kòm
refijye.

Ou pap kapab pouswiv
demann azil ou Kanada (pou
rezon sekirite, kriminalite,
osinon lòt kritè).



Wap oblije kite
Kanada.

ETAP 3 - PWOSESIS

APÈL APRÈ YO FIN
REFIZE YON

Si ou admisib ou kapab
fè apèl nan Seksyon
apèl refijye yo (SAR) ki
nan CISR.

Ou pa admisib pou fè
apèl nan Seksyon
apèl refijye yo (SAR)

Ou kapab mande Lakou
federal revize desizyon
an

Apèl la reyisi
Demann azil
aksepte osinon
nap retounen
nan Etap 2.

Apèl la rejte.

Nan 15 jou depi'w fin resevwa
desizyon an, ou kapab mande Lakou
federal pou egzamine desizyon an
yon lòt fwa.

Revizyon
reyisi. Nap
retounen
nan Etap 2.

Refize nan
Lakou federal
Posiblite pou'w
kite Kanada.*

Revizyon reyisi
Nap retounen
nan SAR.

Refize nan Lakou
federal. Posiblite
pou kite Kanada.



Imaj sa yo pa bay tout
etap pwosesis yon
demann azil, yo pa bay
nonplis delè ki dwe
respekte yo pou
soumèt fòmilè ak prèv
yo. Mande èd jiridik
pou'w kapab prezante
demann azil.

*Konsilte dokiman sa "Ki enstans ki pral trete demann azil ou a?"